



Vin patisipe nan yon aktivite sou admisyon nan lekòl segondè!

Chè fanmi,

Nou swete w vin patisipe avèk nou nan youn nan pwochen sesyon enfòmasyon vityèl, andirèk nou yo! Sesyon enfòmasyon sa yo se pou fanmi elèv k ap antre nan klas 9yèm ane otòn la. Si w vle dekouvri lòt opsyon ou genyen apre òf lekòl segondè w lan, w ap toujou bezwen yon òf pou otòn lan, oswa si w gen kesyon sou pwochen etap yo, tanpri vin patisipe avèk nou! Aprè prezantasyon an, n ap reponn kesyon ou genyen.

Enskripsyon pa obligatwa pou patisipe; sepandan, **tanpri sonje gen yon modpas (ki pi ba a) ki obligatwa.**

KÒMAN POU PATISIPE NAN NENPÒT SESYON:

Chak sesyon yo ap fèt andirèk.

- Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè w klike <https://bit.ly/HSAfterOffers2023> nan kòmansman aktivite a
- ID Webinar: 931 8362 1218, Paskòd: 123456
- Oswa rele nan: 646-558-8656, Liy konferans lan: # Paskòd 93183621218: 123456#

DETAY SOU SESYON KI GEN POU FÈT YO AK SIPÒ POU LANG

Tout aktivite vityèl yo ap fèt an anglè. Entèprèt pou Langaj an siy pou moun ki bèbè/soud, (American Sign Language, ASL) ap disponib tou, epi entèprèt yo ap fè entèpretasyon pandan tout aktivite vityèl ki site yo.

- **Madi 6 jen, (6pm – 7pm)**
 - Entèpretasyon ap disponib nan: Arab, Bangla, ak Panyòl.
 - Pou entèpretasyon an Arab telephone +1 347-966-4114
ID Konferans nan telefòn: 900 100 827#
 - Pou entèpretasyon an Bangla telephone +1 347-966-4114
ID Konferans nan telefòn: 555 501 668#
 - Pou entèpretasyon an Panyòl telephone +1 347-966-4114
ID Konferans nan telefòn: 153 474 240#
- **Mèkredi 14 jen (6pm – 7pm)**
 - Gen entèprètasyon disponib nan: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, ak Ris
 - Pou entèpretasyon an Chinwa (Mandaren), telephone +1 347-966-4114
ID Konferans nan telefòn: 872 060 624#

- Pou entèpretasyon an Kreyòl ayisyen, telefone +1 347-966-4114
ID Konferans nan telefòn: 893 068 398#
- Pou entèpretasyon an Ris, telefone +1 347-966-4114
ID Konferans nan telefòn: 256 387 392#

Si w pa ka vin patisipe nan yon aktivite?

N ap afiche yon anrejistreman ki gen soutitraj sou schools.nyc.gov/high nan fen jen.

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a

Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w sou pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).